ауэ абы ищӀэрт къегъэлакӀуэ Исусыр. ИкӀи ар мы щыпӀэ шынагъуэм щыхэкӀуэдами, абы хузэӀухащ уафэр. АтӀэ Уэсятыщӏэм деж (пс. п. Мат.7:13; 5:29-30; 18:8) Исус Христос тегъэчынауэ дызыщихъумэ жыхьэнэмэм цӀыхур къикӀынут, къимынэнуи Ӏэмал лъэпкъ щыӀэкъым. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ жыхьэнэмэр, Освенцимым хуэмыдэу, «мэлажьэр» ену, икӀи жыхьэнэмэм деж зыплъыхьакӀуэ кӀэщӀ тхуэщӀынукъым.

Уафэри апхуэдэу мыкӀуэщӀщ. Ар Тхьэм дызыхуишэну хуей щӀыпӀэщ. Абы щхьэкӀэ егъэблэгъэныгъэр къафщти фыкъыхуэкӀуэ Тхьэм. КъифӀуэ Тхьэм и ЦӀэр икӀи къыщывубыд апхуэдэу уафэхэм деж фи щӀыпӀэхэр!

Зэгуэрым лекцэ нэужьым зы цӀыхубз пӀейтейуэ къызэупщӀащ: «Ӏэмал щыӀэххэ щыӀэныгъэ мыкӀуэщӀыр пӀалъэр къэмысу къэплъэщыфыну? Ар ещхьщ зыплъыхьакӀуэхэм я купсэм!» Сэ аразы сыдэхъуащ абы: «ПӀалъэр къэмысу и щӀыпӀэр зымыгъэхьэзырами къехъулӀэнукъым. Гавай хытӀыгум фыкӀуэну фыхуеймэ, гъуэгу тхылъ фиӀэн хуейщ». Ар къызэупщӀащ сэ: «АтӀэ гъуэгу тхылъым пщӀэ щӀэптын хуейкъэ?» – «АтӀэ, уафэм и гъуэгу тхылъым папщӀи – ухуейщ! Ауэ а гъуэгу тхылъым и пщӀэр апхуэдизкӀэ инщи, дэ тщыщу зыми ар хуэтынукъым. Абы пэрыуэр ди гуэныхьхэрщ. Тхьэм зы гуэныхьри щыщигъэӀэкъым Езым и ТепщапӀэм деж. ГъащӀэ нэужьым деж хэт щыӀэныгъэ мыкӀуэщӀым хэту Тхьэм и уафэхэм деж щыӀэну хуейми, абы зыкӀэрихын хуейщ и гуэныхьхэр. Гуэныхьхэм уакъыхэзышыфынур гуэныхьыншэрщ – икӀи ар Исус Христосщ. Езы закъуэрщ дыкъэзыщэхужыфынур! Езым и лъымкӀэ пщӀэр итащ Абы, ажалыр Жорым деж къыщищтэкӀэрэ».

АтӀэ сыт сэ злэжьын хуейр уафэм деж щыӀэныгъэ мыкӀуэщӀыр къэслъэщын папщӀэ? Дэ тщыщ дэтхэнэми Тхьэм зыкъыхуегъазэр Къелыныгъэм дыкъыхуриджэу. Библием щыщ щӀыпӀэ куэдым дыхураджэр Тхьэм и джэныгъэм жэуап еттыну:

- ***«ФыхущӀэкъу куэбжэ зэвымкӀэ фызэрыдэхьэным».*** (Лук. 13:24)
- ***«Зыкъэвумысыж, сыту жыпӀэмэ къэблэгъащ Уафэм и Тепщэныгъэр»*** (Мат. 4:17).
- ***«Фыдыхьэ куэбжэ зэвымкӀэ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ кӀуэдыпӀэм хуэунэтӀа куэбжэр быхъущ икӀи гъуэгур бгъуфӀэщ, икӀи куэдыр щызокӀуэр абыкӀэ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ гъащӀэм хуэунэтӀа куэбжэр зэвщ икӀи гъуэгур бгъузэщ, икӀи мащӀэщ ахэр къэзыгъуэтыр».*** (Мат. 7:13-14).



- ***«ЗыщыӀыгъ гъащӀэ ену укъызыхураджам»*** (1 Тим. 7:12).
- ***«Зиусхьэн Исус ХристоскӀэ фӀэщхъуныгъэ зигъэӀи укъелынущ...»*** (ӀӀэху. 16:31).

А псори – икъукӀэ щӀэгъэбыдыхьа икӀи тегъэчына егъэблэгъэныгъэхэщ, дэ къытхуэгъэза къыхуеджэныгъэхэщ. Ахэм къахощ ди щытыкӀэм и щыпкъагъэри, тегушхуэныгъэри икӀи зэгъэтӀылъэкӀыпӀэ зэримыӀэри, икӀи а егъэблэгъэныгъэм и жэуап тэмэм закъуэ хъуну лъэбакъуэщ мыпхуэдэу ӀункӀэ хъуну тхьэлъэӀур:

«Зиусхьэн Исус, иджыри къэс сыпсэуащ, Уэ ущымыӀэ хуэдэу, ауэ нобэ сэ укъэсщӀащ Уэ икӀи япэ дыдэу зыпхуэзгъэзэну сыхуейщ Уэ тхьэлъэӀукӀэ. Иджы апхуэдэ къабзэуи сощӀэр зэрыщыӀэр жэнэтри жыхьэнэмэри. СынолъэӀу Уэ си гуэныхьхэмрэ УэркӀэ фӀэщхъуныгъэ зэрызимыӀамрэ сахуэзэмэ жыхьэнэмэм сыкъебгъэлыну. Сэ иджыпсту сиӀэр зы хъуапсапӀэщ – зэгуэрым уафэхэм сыкъыщыхутэу Уэ ену абдежым сыщыуигъусэну. Сэ сощӀэр си цӀэрыӀуагъэкӀи сыт хуэдэ си ӀуэхущӏафэкӀи Уафэхэм деж щыӀэпӀэ къызэрызмылъэщыфынур, Ауэ УэркӀэ фӀэщхъуныгъэ сиӀэм къызэрысхузэӀуихынур Уафэм хуэкӀуэ гъэуэгур. Сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ Уэ фӀыуэ сыкъыболъагъу, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ Уэ сэ щхьэкӀэ утелӀыхьащ жорым, Уэ къэпщтащ си гуэныхьхэр икӀи Уи ажалымкӀэ сэ сыкъэпщэхужащ. Сэ фӀыщӀэ Уэ пхузощӀыр абы папщӀэ. Уэ уолъагъу си гуэныхь псори – сыкъызэралъхурэ щыщӀэдзауэ иджыпсту нэгъунэ. Уэ уощӀэр си гъащӀэ псом и кӀуэцӀкӀэ злэжьа гуэныхь псори: сэ сцӀыхуж псори, сэ куэд щӀауэ сщыгъупщэжахэри. Уэ уощӀэр сэ щхьэкӀэ псори. УэркӀэ нахуэщ си гум щыхъэ псори: ирехъу ар гуфӀэгъуэ е гуӀэгъуэ, аразыныгъэ е гукъыдэжыншагъэ. Уэ Уи пащхьэм деж сэ тхылъ зэӀухам сыхуэдэщ. Сэ сызэрыщытам хуэдэу икӀи иджыри къэс сызэрыпсэуам хуэдэу сэ сиувэ хъунукъым Уи пащхьэми Тхьэ псэум и пащхьэми, икӀи сыкъыщыхутэфынукъым Уафэхэм. Абы къыхэкӀыу сэ синолъэӀу Уэ: къысхуэгъэгъу сигу псомкӀи сызыхущӀегъуэж си гуэныхь псори. Мы дакъикъэм къыщыщӀэдзауэ сэ Уэ укъызолъытэр си Унафэщӏу. ЩӀэгъэувэ си гъащӀэр Уи унафэм. Сэ сыхуейщ сыпсэуну Уэ узэрыхуейм хуэдэу. КхъыӀэ, къыздэӀэпыкъу Уэ сыуигъусэным зэран хуэхъуу скӀэрылъ псори скӀэрылъэлъу къабзэ сыхъужынымкӀэ. Къысхэлъхьэ уэркӀэ къабыл щытыкӀэщӀэхэр. КъысхузэӀух Уи псалъэм – Библием – и щыпкъагъэхэр. КъыздэӀэпыкъуабыкӀэ (БиблиемкӀэ) къызжепӀэну узыхуейр къызгурыӀуэнымкӀэ, икӀи дауэ абыкӀэ къызэрызгъуэтынур гъащӀэ къаруущӀэхэри гъащӀэ гуфӀэгъуэри. Иджыпсту къыщыщӀэдзауэ сэ сыӀэщӀэлъыну сызыхуей си зиусхьэныр Уэращ. КхъыӀэ, сыгъэлъагъу сэ иджы сызырикӀуэну гъуэгур. Сэ фӀыщӀэшхуэ пхузощӀыр Уэ сэ сыкъызэрыхэпхам щхьэкӀэ. Сэ си фӀэщ мэхъур Уи гъэгугъэныгъэхэр: ахэм къагъэлъагъуэр Уэ зыпхуэзгъазэкӀэрэ Тхьэм и сабий сызэрыхъуар икӀи зэгуэрым Уэ сыуигъсэу ену Уафэм сызэрыщыӀэнур. Насып ин дыдэщ икӀи гуфӀэгъуэщ иджы къыщыщӀэдзауэ гъащӀэм и сыт хуэдэ щытыкӀэм дежи дакъикъэ къэси Уэ узэрызигъусэр зэрызэхэсщӀэр. КхъыӀэ, апхуэдэ къабзэу къыздэӀэпыкъу УэркӀэ фӀэщхъуныгъэ зиӀэ икӀи Библием ирипсэу цӀыхухэр гупу щызэхуэс, Тхьэ Псалъэр сыт щыгъуи щызэхэсхыну купсэр къэзгъуэтынымкӀэ. Амин».

Профессор, техникэ щӀэныгъэхэм
я доктор Вернер Гитт.



Title of the original edition: Wie komme ich in den Himmel?
Author's homepage: www.wernergitt.de

Bruderhand-Medien
Am Hofe 2, 29342 Wienhausen, Germany
Tel.: +49 (0) 51 49 98 91-0, Fax: -19
E-Mail: info@bruderhand.de, Homepage: bruderhand.de

Nr. 120-70: Circassian (Cyrillic), edition 2021

# Дауэ уафэм сызэрихьэнур?

Вернер Гитт

120-70 Himmel Circassian - Kyrillisch Aufl 1 2021 noch nicht gedruckt.indd 1-4 02.02.2021 15:08:41

# Дауэ уафэм сызэрихьэнур?

Цӏыху куэд, уеблэмэ я дунейр зэраухыным егупщысхэри, зэупщӏыжкъым гъащӏэ мыкӏуэщӏым икӏи я нэгу къыщӏагъэхьэркъым я пкъыр лӏа иужькӏэ ахэм Тхьэм и гъусэу гъащӏэ мыкӏуэщӏ зэраӏэнур къазэрыпэщылъым, е ену лӏэуэрэ жэхьэнэмэм зэрыщыӏэнухэм. Америкэм щыщ бзылъхугъэ Дрю Берримор илъэсибл ныбжьым иту «Нэгъуэщӏ планетэлӏ» фильмым щыджэгури цӏэрыӏуэ дыдэ хъуауэ щытащ. Илъэс 28 хъуауэ (езыр 1975 гъэм къалъхуащ), абы жиӏащ: «Си джэдум япэ сэ сылӏэмэ, си хьэдэр абы ирешх. Апхуэдэу, джэдум и пкъым сыхэт нэхъ нэмыӏэми, адэкӏэ сыпсэунщ». Шынагъуэкъэ апхуэдэ щӏэныгъэншагъэр икӏи делагъэ гупщысэкӏэр ажалым ехьэлӏауэ?

Исус и махуэхэм деж Абы къыхуэкӏуэхэрт цӏыху куэд. Ахэр псори зыхуэлъаӏуэр щӏылъэм щыпсэуным ехьэлӏа ӏуэхугъуэхэт:

- **Шын-уэтэпсым зэщӏищта цӏыхуипщӏыр хъужыну хуейт** (Лук. 17:13);
- **нэфхэр къэплъэжыну хуейт** (Мат. 9:27);
- **зыгуэр дэӏэпыкъуэгъу хуейт адэ щӏэиныр гуэшынымкӏэ** (Лук. 12:3-14):
- **гъэунэхуакӏуэ нэпцӏхэр хьилагъэу щӏэупщӏэхэрт: пащтыхьым хьэкълыкъыр етын хуей, хьэмэрэ хуэмей?** (Мат. 2217).

Икӏи мащӏэ дыдэт Исус къыхуэкӏуэр Абы къеупщӏыну уафэм зэрихьэнухэмкӏэ. Зы щӏалэщӏэ гуэр къылъыхъуэрт Исус упщӏэ къритыну: «Егъэджакӏуэфӏ! Сыт сщӏэн хуейр гъащӏэ мыкӏуэщӏ къэслъэщын папщӏэ?» (Лук.18:18). Иисус абы жриӏащ и мылъкури и гур зыкӏэрыпщӏауэ иӏэ псори ищэжу Езым и ужьым иту кӏуэну. Ауэ щӏалэр икъукӏэ бейт икӏи хуеякъым Исус и чэнджэщым къедэӏуэн, абы къикӏырт ар гъащӏэ мыкӏуэщӏым зыщидзеяуэ. Щыӏахэщ гъащӏэ мыкӏуэщӏ уафэхэм щымылъыхъуэхэри, ауэ Исус хуэзэу ар къащӏа нэужькӏэ, занщӏэу а лъэкӏыныгъэр къагъэсэбэпащ ар зыӏэрагъэхьэн папщӏэ. Псалъэм папщӏэ, Закхей ауэ Исусыр илъагъуну къудейт, ауэ абы игъуэтащ езыр зыхуеям нэхърэ нэхъыбэж – Зэкхей деж Исус щыхьэщӏэу щыӏэу, шай ефэхэу ӏэнэм здыпэрысым абы къыӏэрыхьащ уафэр. Исус жиӏащ: ***«Иджыпсту уи унэм и къегъэлыныгъэр къэсащ».*** (Лук. 19:9)

## *Гъащӏэ мыкӏуэщӏыр дауэ зыӏэрыбгъэхьэну?*

И щхьэмкӏэ щыжытӏа псоми къахэкӏ гупщысэр мыращ:

- Уафэ Тепщэныгъэр цӏыхум къегъуэтыр зы махуэ хэхам деж. Фэ, щӏэджыкӏакӏуэ лъапӏэхэ, фщӏэн хуейщ: нобэ дыдэ зыӏэрывгъэхьэфынущ Тхьэм фригъусэн щыфлъэкӏыну гъащӏэ мыкӏуэщӏыр;
- Уафэ Тепщэныгъэр зыӏэрыбгъэхьэныр къалэн гуэрхэр бгъэзэщӏэным епхакъым;
- Уафэ Тепщэныгъэм улъыхъуэн папщӏэ хуэхьэзырыныгъэ хухэха уиӏэн хуейкъым.

Гъащӏэ мыкӏуэщӏ къэлъыхъуэным етхьэлӏэ ди къарумрэ ди гугъэхэмрэ псыхэкӏуадэ хъунущ Тхьэм и Псалъэр тегъэщӏапӏэ дымыщӏмэ. Зы уэрэджыӏэ пщащэ гуэрым клоуным теухуа уэрэд цӏыкӏум деж щигъэбыдэрт, ар уафэм къыщыхутэну, «абы цӏыху куэдыр зэригъэгуфӏам папщӏэ». Зы бзылъхугъэ бей гуэрым, фӏыхуэщӏэ купсэр зейм, иухуащ бзылъхугъэ тхьэмыщкӏэ 20 (тӏощӏ) зыщыпсэуфын унэ, ахэм зы къалэнт яӏэр – ахэр махуэ къэс зы сыхьэтым и кӏуэцӏкӏэ Тхьэм елъэӏун хуейт а бзылъхугъэ жумартым и псэр къригъэлыну.

## *Атӏэ хьэкъыпӏэкӏэ дауэ уафэм дыкъызэрыщыхутэфынур?*

Ар къыдгуригъэӏуэн папщӏэ, Исус къиӏуэтащ мыпхуэдэ хъыбар (Лук.14:16). Зы цӏыху гуэрым (хъыбарым деж ар Тхьэр ара хуэдэу щытщ) мурад ищӏащ зэхишэну хьэгъуэлӏыгъуэшхуэ (ар уафэм и нагъыщэт) икӏи цӏыху куэдым яхуигъэкӏуащ къегъэблагъэ хъыбарегъащӏэхэр. Ауэ адэкӏэ къэхъуам укъегъэуӏэбжьэр. Къригъэблэгъа псоми, зыр зым кӏэлъыкӏуэу, къахуигъэгъуну лъаӏуэхэурэ, хьэгъуэлӏыгъуэм къэкӏуэн ядакъым: «Икӏи къыщӏадзащ псоми, зэгурыӏуахэм хуэдэу, загъэкъуэншэжу. Япэрейм жиӏащ: сэ щӏыгу къэсщэхуэхуащ... Етӏуанэрейм: сэ випщӏ къэсщэхуащ... Ещанэрейм: сэ фыз къэсшащ икӏи абы къыхэкӏыу сынэкӏуэфынукъым...». Исус хъыбарыр иухащ къезыгъэблэгъахэу щытам и псалъэхэмкӏэ: ***«Сыт щхьэкӏэ жыпӏэмэ вжызоӏэр, а къезгъэблэгъауэ щытахэм ящыщ зыми зыӏуилъхьэнукъым си пщыхьэщхьэшхэр»*** (Лук. 14:24).

Абы къокӏыр: Уафэ Тепщэгъуэр икӏи зыӏэрыбгъэхьэфынущ, икӏи пфӏэкӏуэдыфынущ. Нэхъыщхьэр мыращ – къэтщтэну егъэблэгъэныгъэр хьэмэрэ абы зыпыӏуддзыну. Абы нэхъ къызэрыгуэкӏ ӏуэхугъуэ щыӏэ? Щыӏэу къыщӏэкӏынкъым. Зэгуэрым дэ тщыщ куэдыр Уафэ Тепщэгъуэм имыхьэфмэ, ар апхуэдэу къыщӏэхъунур абы зэрыкӏуэфынур зэрамыщӏэр аракъым, атӏэ ахэм егъэблэгъэныгъэр ӏумпэм зэращӏарщ.

Хъыбарым хэта цӏыхуищыр дэ щапхъэ тхуэхъу хъунукъым, сыту жыпӏэмэ ахэм языхэзми къащтакъым егъэблэгъэныгъэр икӏи къэкӏуакъым хьэгъуэлӏыгъуэм! Ауэ хьэгъуэлӏыгъуэр екӏуэкӏащ! Апхуэдэ мыдэныгъэхэр зыӏэрыхьа Зиусыхьэным зэбгретыкӏыр егъэблэгъэныгъэхэр дэнэкӏи, ауэ ар дыщэпс зытегъэлъэда тхылъ лъапӏэкъым, атӏэ къыхуеджэныгъэ къызэрыгуэкӏщ: «Фыкъакӏуэ!» Икӏи а къыхуеджэныгъэр къэзыщта дэтхэнэми къыӏэрохьэр хьэгъуэлӏыгъуэм деж щӏыпӏэ быдэ щыхухаха къылъысын хуейр. Атӏэ сыт? Цӏыхухэр къокӏуэр. Уеблэмэ гуп-гупурэ. Зэман гуэрэ текӏауэ бысымым къелъагъу иджыри тӏысыпӏэ куэд нэщӏу зэрыщыӏэр! Абы лӏыщӏэм жреӏэр: «Кӏуэи къытегъанэхэ иджыри къэкӏуэнухэр».

Мы хъыбарым ӏупщӏу къегъэлъагъуэр иджырей ди щыӏэкӏэр. Уафэм деж щыӏэщ тӏысыпӏэ нэщӏхэр икӏи Тхьэм дыхуреджэр: «Къакӏуэ, къыщыубыд уи тӏысыпӏэр Уафэм деж. ӏущу щыт, щыухуэ гъащӏэ мыкӏуэщӏым деж уи щӏыпӏэр! Гъэзащӏэ ар нобэ!»

Уафэр къэӏуэтэгъуейуэ дахащэщ, икӏи абы къыхэкӏыкӏэ Исус Христос ирегъапщэр ар хьэгъуэлӏыгъуэ бейм. Коринфхэм яхуигъэкӏуа япэрей тхыгъэм деж (2:9) уафэм теухуауэ щыжеӏэр мыпхуэдэу: ***«Нэми илъэгъуакъым, тхьэкӏумэми зэхихакъым, цӏыхум и гуми къэкӏакъым Тхьэм яхуигъэхьэзырар Ар фӏыуэ къэзылъагъухэм».*** Мы щӏылъэм зыри теткъым, зы тӏэкӏунитӏэкӏэ уафэм хуэбгъадэ хъуну. Абдежым пхуэмыӏуэтэну дахащэщ! Уафэр апхуэдизымкӏэ лъапӏэщи, дэ блэдгъэкӏ хъунукъым абы дыкъыщыхутэн папщӏэ щыӏэ зы ӏэмали. Тхьэм и къуэ Исус къытхузэӏуихащ уафэм и бжэхэр икӏи Абы и фӏыгъэкӏэ абы дыкӏуэныр нэхъ псынщӏэ тхуэхъуащ. Иджы псори зэлъытар дэ ди гуащӏэрщ. Атӏэ егъэблэгъэныгъэр къэзымыщтэнур псэкӏэ набгъэхэрщ, а хъыбарым хэт цӏыхуищым хуэдэу.



## *Къегъэлыныгъэр къокӏуэр Исус Христоскӏэ*

Апостолхэм я ӏуэхухэр зэрыт тхылъым (2:21) къыщыдогъуэт икъукӏэ псалъэ нэхъыщхьэхэр: ***«Зиусыхьэным*** (Исус) ***и цӏэр къизыӏуэ дэтхэнэри къелынущ».*** Ар Уэсятыщӏэм и щӏэгъэбыдэныгъэ нэхъыщхьэщ. Павел апостолым, Филиппы къалэм и хьэпсэм щӏэсу, хъумакӏуэм щепсалъэм мыпхуэдэ псалъэхэмкӏэ иухащ: «Зиусыхьэн Исус Христоскӏэ фӏэщхъуныгъэ зигъэӏэ, икӏи укъелынущ уэри уи унагъуэ псори». (ӏуэху.16:31). А жыӏэгъуэр кӏэщӏу икӏи зэщӏэкъуауэ щытми, абы хузэфӏэкӏынущ цӏыхум и гъащӏэ псор ихъуэжыныр. А жэщ дыдэм хъумакӏуэм зыкъиумысыжащ икӏи Исусым зыхуигъэзащ.

Иджыри ӏэмал имыӏэу тщӏэн хуей зы ӏуэхугъуэщ мыр: Исус хуейщ дыкъытришыну кӏуэдыжыныгъэ мыкӏуэщӏым, жыхьэнэмэм ухуэзышэ гъуэгум. Библием жеӏэр, уафэм деж хуэдэуи, жыхьэнэмэм цӏыхухэр ену щыӏэну. Зы щӏыпӏэр икъукӏэ телъыджэщ, адрейр – шынагъуэщ. Ещанэ щӏыпӏэ щыӏэкъым. Цӏыхум и псэр хэкӏыу дакъикъитху текӏа нэужь, зыми жиӏэнукъым, ажал нэужьым псори иухауэ. Псори зэрекӏуэкӏыр Исус Христоскӏэщ. Щыӏэныгъэ мыкӏуэщӏым дыщыӏэныр зэлъытар зы цӏыху закъуэщ – Исус закъуэщ икӏи дэ абы дызэрыхущытымрэщ.

Зэгуэрым сэ цӏыхухэр езгъаджэу Польшэм сыщыӏэт, икӏи дэ дыкӏуащ Освенцим дэт гъэрыпӏэм. Ещанэ рейхым и лъэхъэнэм щыгъуэ абдежым щекӏуэкӏащ къэхъукъащӏэ шынагъуэ дыдэхэр. 1942 (минрэ щибгъурэ плӏыщӏрэ еплӏанэ) гъэм нэгъунэ мыбдежым гъуэзрэ мафӏэкӏэрэ ягъэкӏуэдащ цӏыху мелуанрэ ныкъуэрэ, журтхэр нэхъыбэу. Тхыгъэм быдэу къинащ «Освенцим и жыхьэнэмэр» жыӏэгъуэр. А жыӏэгъуэм сэ сегупщысырт, гъуэзыр зыщӏаутӏыпщхьэу зэ щӏыхьэгъуэу цӏыху щихым нэс зыщагъэкӏуэду щыта пэшым сыщыщӏэтым. Ар шынагъуэ телъыджэ дыдэщ икӏи нэгум къыщӏэгъэхьэгъуейщ. Ауэ ар жыхьэнэмэ дыдэу пӏэрэт?

Ди зыплъыхьакӏуэ гупым а гъуэз пэшхэр къаплъыхьыфырт, сыту жыпӏэмэ абдежым иджы зыри ягъалӏэртэкъым икӏи ягъэдзыхэртэкъым. А цӏыхуншагъэ щӏэпхъаджэр зэпаудащ 1945 (минрэ щибгъурэ плӏыщӏрэ етхуанэ) гъэм. Овенцим и гъуэз жыхьэнэмэр зэманым деж ухыгъэ щиӏэщ, атӏэ Библием жыхуиӏэ жыхьэнэмэр мыкӏуэщӏщ, енщ.

Освенцим музейм деж си плъэгъуэр техуащ блыным къыщитхъауэ тет жорым. Зы гъэр гуэрым гъущӏуӏнэкӏэ блыным деж къыщритхъат гугъапӏэ къезыт жорыр. А сурэтыщӏыр, адрей гъэр куэдым яхуэдэу, щыкӏуэдащ а гъуэз пэшым деж,

120-70 Himmel Circassian - Kyrillisch Aufl 1 2021 noch nicht gedruckt.indd 5-8 02.02.2021 15:08:44